

## Kesyonè evalyasyon sante

TOUT anplwaye DOE, elèv, fanmi, ak vizitè dwe ranpli fòm evalyasyon sante a avan yo rantr nan lokal DOE. Yo dwe fè evalyasyon sante sa a chak jou yo rive nan lokal la. Ou ka ranpli evalyasyon sante a tou sou entènèt nan: <https://healthscreening.schools.nyc/>. Lè w ap antre nan lokal la, si w potko ranpli fòm sante a sou entènèt, y ap mande w pou reponn kesyon sa yo. Kòm yon rapèl, tout anplwaye DOE dwe pran vaksen pou antre nan bilding lekòl nou yo.

1. Eske ou te fè eksperyans nenpòt sentòm COVID-19, tankou lafyèw ki nan 100.0 degre F oswa pi wo, gen yon tous, pa ka pran gou oswa pa ka pran sant, oswa souf kout ki kòmanse nan 10 jou ki sot pase yo?
  - Non. Ale nan kesyon apre a.
  - Wi, epi rezilta tès molekilè COVID-19 mwen an te negatif apre m te kòmanse gen sentòm yo EPI mwen pa gen lafyèw omwen depi 24 èdtan san pran medikaman. Ale nan kesyon apre a.
  - Wi, epi mwen pa nan kategori pi wo yo. Ou pa bezwen kontinye avèk kesyon yo. Moun lan pa ka rantr nan bilding lan.
2. Nan 10 jou ki sot pase yo, èske ou te gen yon rezilta pozitif pou yon tès COVID-19? Tanpri sonje 10 jou kòmanse konte apati jou yo te teste w la, pa jou ou te gen premye rezilta a.
  - Non. Ale nan kesyon apre a.
  - Wi. Ou pa bezwen kontinye avèk kesyon yo. Moun lan pa ka rantr nan bilding lan.
3. Èske yo konsidere w vaksinen konplètman kont COVID-19 dapre gid CDC a?<sup>1</sup> Tanpri sonje pou yo konsidere w konplètman vaksinen dapre regleman CDC, de semèn dwe pase depi w te resevwa dezyèm dòz la nan yon seri de dòz oswa de semèn dwe pase depi w te pran yon vaksen nan seri ki mande yon sèl dòz.
  - Wi, yo konsidere m konplètman vaksinen. Moun lan ta dwe sote kesyon 4 la epi ka antre nan bilding lan.
  - Non, yo pa konsidere m konplètman vaksinen. Ale nan kesyon apre a.
4. Nan dis jou ki sot pase yo, èske yo te di w ou te an kontak sere avèk yon moun ki te teste pozitif pou COVID-19 oswa yon moun lakay ou ki te teste pozitif pou COVID-19?
  - Non. moun lan ka rantr nan bilding lan.
  - Wi, epi mwen retounen sot nan karantèn sou 8 jou avèk prèv yon tès dyagnostik COVID-19 ki konfime negatif mwen te fè nan 5yèm jou a. Moun lan ka rantr nan bilding lan.
  - Wi, epi mwen pa malad avèk COVID-19 (mwen pa gen tès dyagnostik pozitif) ankò nan 3 mwa ki sot pase yo. Moun lan ka rantr nan bilding lan.
  - Wi. Ou pa bezwen kontinye avèk kesyon yo. Moun lan pa ka rantr nan bilding lan.

Kòm yon rapèl, an akò avèk obligasyon Depatman Sante Eta Nouyòk, rekòmandasyon Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi, ak regleman DOE, tout moun nan yon bilding lekòl DOE ak tout estaf DOE ak kontraktè nan biwo DOE DWE gen yon bagay ki kouvri figi yo tout tan, sof si y ap manje oswa bwè oswa sof si yo gen yon egzansyon medikal.

*Evalyasyon sante sa a pa fèt pou ranplase konsèy medikal, dyagnostik oswa tretman pwofesyonèl. Toujou chèche konsèy yon founisè sante ki kalifye pou nenpòt kesyon ou ka genyen konsènan yon pwoblèm medikal. Y ap gade rezilta tès sante yo sèlman nan objektif pou jwenn aksè nan lokal ak ekipman yo epi yo pral kenbe tout enfòmasyon konfidansyèl.*

**Depatman Edikasyon NYC ka chanje rekòmandasyon yo pandan sityasyon an ap evolye.**

**4 oktòb 2021**

---

<sup>1</sup> Dekont 90 jou a ta dwe kòmanse apati dat aparasyon sentòm oswa, si w pa gen okenn sentòm, 90 jou yo ta dwe kòmanse apati dat ou te gen tès pozitif la.